**Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы**
**Қарақалпақстан бөлиминиң**

# ХАБАРШЫСЫ

**Журнал 1960-жылдан баслап шығып атыр**

**Ўзбекистон Республикаси Фанлар Академияси**
**Қорақалпоғистон бўлимининг**

# АХБОРОТНОМАСИ

**Журнал 1960 йилдан нашр қилинмоқда**

# ВЕСТНИК

**Каракалпакского отделения**
**Академии наук Республики Узбекистан**
**Журнал издается с 1960 года**

**№ 2**
**(279)**

**Нукус-2025**

# ҲӘЎЖАР ҚОСЫҚЛАРЫНДА ОБРАЗЛАРДЫҢ ЖАСАЛЫЎЫ

**Палымбетов К.С.**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Қарақалпақ халық той қосықлары басқа халық қосықларынан өзине тән айырым белгилери менен айрылып турады, биринши гезекте турақлы түрдеги дәстүрийлиги, атқарылыў орны, этнография менен, яғный, үрп-әдет, салт-дәстүрлер менен байланыслылығы болса, екинши тәрептен, туўра ҳәм тымсаллық мәниде жасалған образлар системасы менен өзгешеленеди. Мысалы, ҳәўжар қосықларында тийкарынан ана, қыз, қәйинене, күйеў, сиңли, қарындас, жеңге, кудалар, қыздың рослары, күйеўдиң жораларының образлары орын алып, олар көбинесе образлы түрде тымсаллап бериледи.

Той дәстүр қосықлары қарақалпақ, өзбек, қазақ, қырғыз, тәжик, түркмен, татар уйғыр, әзербайжан ҳәм басқа да түркий халықларда бар. Тек ғана айырым халықларда өзиниң миллий этнографиялық дәстүрине байланыслы орынланатуғын қосықларда азыкем өзгерислер болыўы мүмкин. Қарақалпақ халқында шаңарақлық той қосықларына той баслар, бет ашар, ҳәўжар, сыңсыў, хошласыў т.б. дәстүр қосықлары киреди. Бул қосықлар бир-биринен композициясы, мазмуны, билдиретуғын мәнилик өзгешеликлери, көркем сүўретлеў қураллары менен айрылып турады.

Биз бул мақалада қарақалпақ халқының шаңарақлық той дәстүр фольклорының бири қыз узатыў тойында айтылатуғын ҳәўжар қосықларындағы қыз образының жасалыўы ҳаққында пикир билдирмекшимиз. Қарақалпақ фольклортаныўында Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, Қ.Мақсетов, Н.Жапақов, Ә.Тәжимуратов, М.Низаматдинов сыяқлы т.б. жергиликли илимпазлар ҳәўжар қосықларының атқарылыў өзгешелиги, мазмуны, әҳмийети ҳаққында баҳалы пикирлерин билдирди. Лекин, ҳәўжар қосықлары мазмунынан орын алған көркем образлар системасы, олардың ишки кеўил кеширмелериниң қосықларда сәўлелениў мәселелери изертленбеди.

Халық арасынан жыйналған ҳәўжар қосықларының ҳәр қыйлы вариантлары бар ҳәм олар мазмуны жағынан бир-биринен айрылып турады. Онда лирикалық қаҳарманның образы туўра мәниде, сондай-ақ, образлы түрде ҳәр қыйлы усылда жасалатуғынлығы менен ажыралады. Өзбек халқының «Яр-яр» (қарақалпақша «ҳәўжар») қосықларын арнаўлы изертлеген Ф.Абдирахманова ҳәўжар қосығындағы «қыз» бенен «келин» жетекши образлардың бири болады деп қарайды ҳәм буны төмендегише түсиндиреди: «Той дәстүриндеги қыз ҳәм келиншек бир шахс болыўына қарамай, қосықларда оларға айрықша мүрәжат көзге тасланады. Буған себеп, келин болмақшы қыз неке оқылмағанша келин, келиншек, яки келинпашша деп аталмаған. Оның ушын мәлим дәрежеде үрп-әдетлер орынланыўы ҳәм қыз сол басқышты басып өтиўи керек» [1.122], – деп жазады. Тийкарынан узатыў тойының тийкарғы себепшиси қыз, ол өткерилип атырған тойдың, онда атқарылатуғын қосықтың баслы объекти есапланады. Ҳәўжар қосығындағы барлық поэтикалық қатарлар қызға, қыздың образын сәўлелендириўге каратылады. Мысалы:

Бағлардағы ашылған,
Бир гүл единң ҳәўжар.
Өз атаңның үйиниң,
Бүлбили единң ҳәўжар.

Таза ашылған бағлардың,
Гүлиндей бол ҳәўжар,
Қәйната қәйин енеңниң,
Қызындай бол ҳәўжар [2.98].

Ҳәўжарда тәбияттағы жанлы ҳәм жансыз затлар образлы түрде, тымсалық, символлық мәниде сүўретленип, олар қандай да бир образды билдирип келеди. Фольклортаныўшы илимпаз Ж.Эшонкулов алғашқы адамлардың өз түсинигинде дүньяны символлар арқалы қабыл етип, символлар менен баҳа бергенлигин, тәбият пенен символлар арқалы мүнәсибетте болғанлығын жазады ҳәм: «Улген – жарықлық ҳәм жақсылық, Эрликхан – зулмат ҳәм жаўызлық, Қара дәў – зулмат, Ақ дәў – булт, Сары дәў – от, Көк дәў – аспан, Гүлдирмама – тәңирилер даўысы, Найзағай, шақмақ – тәңириниң оғы, Сел – жаўыз руўхтың апаты, Таў – тилсимли қорған, Суў, Топырақ – тиришилик, Үңгир – руўхлар мәканы, Аспан – жақсылық тәңирилери, Жер асты – жаўыз руўхлар мәканының символы, кодласқан исимлери еди. Барлық нәрсе – түсиник, көзқарас, сәўлелендириў, қорқыў, қаўаныш, шадлық, бахыт кеширмелер символ болып, ол арқалы түсиндирип, оның жәрдеминде қабыл қылынар еди. Дүнья символлардан ибарат болып, бул инсанияттың дәслепки, лекин, ҳақыйқый дөретиўшилиги еди» [2.198], – деп

жазды. Ҳақыйқатында да, пикирди, ойды жеткерип бериў, мазмун-мәнисти ашып бериў тымсаллардың, яғный, символлардың жәрдеминде әмелге асырылыўы ҳәўжар қосықларына да тән. Жоқарыда биз, мысалға келтирген ҳәўжар қосығындағы «гүл», «бүлбил» тымсаллық, яғный, символлық мәниде бой жеткен қыздың образын аңлатып, бағдағы гүлге метафоралық усылда мегзетилген. Ҳәўжарда объектке алынған тийкарғы жетекши образ қыз. Соның ушын да оның образы тымсал менен жансыз затларға теңгерилген ҳәм образлы түрде поэтикалық усылда жасалған. «Қыз турмысқа шыққанға шекем өз үйиниң патшасы» деген халықта ибара бар. Сонлықтан да, қосықтың биринши шуўмағында қыздың туўылып өскен үйиндеги қызлық дәўранына ишара етиледи, оны тоқшылықтың, жақсылықтың, абаданшылықтың, гөззаллықтың тымсалы болған бағдағы бир сулыў гүлге теңгереди. Себеби, «гүл» – сулыўлықтың, гөззаллықтың, жаслықтың тымсалы. Ал, қосық шуўмағының үшинши, төртинши қатарларында қызды өз атасының үйиниң бүлбилине мегзетеди. «Бүлбил» гөззаллық, пәклик, сулыўлықтың тымсалы. Қыз өз үйиниң еркеси, енди өзге үйге, келиншеклик өмирге қәдем тасламақта. Сонлықтан, қосықтың екинши шуўмағында қызға ақыл-нәсият айтылады, Дәслепки қыз енди келин, соның ушын оны таза ашылған бағдың гүлиндей болыўға, қәйин ене, қәйин атасының қызындай болыўына шақырыў, ўәсият етиў бар.

Төрде турған гилемди,
Шаң басыпты ҳәўжар,
Кететуғын қызымды,
Ғам басыпты ҳәўжар.

Қызыл гүлге суў сепсең,
Солмақ қайда ҳәўжар,
Қәйин енең анаңдай,
Болмақ қайда ҳәўжар [2.98].

Өзге үйге кететуғын қыздың кеўил кеширмелеринде толқыў сезимлери тәшўиш, қәўетер, болатуғынлығы тәбийий. Ҳәўжарда усы ишки сезим-туйғылар, кеўил-кеширмелер зат, буйым менен салыстырмалы түрде берилип, келин болып кетип баратырған қыздың образындағы толқынланыў, ууайым, ҳәм ойланыў ҳалаты образлы түрде жеткериледи. Қосықта сүўретлеўдиң параллелизм усылы арқалы шаң басқан гилем менен ғам басқан қыздың қәлби, жүреги бир-бирине уқсатылады. Усы қосықтың өзбек халқында айтылатуғын варианты да ушырасады. Мысалы:

Текшедеги қайшыны тат басыпты, яр-яр,
Жеңгежаным анасын ғам басыпты, яр-яр.

«Бул төртликтеги еки жағдай тат басқан қайшы менен ғам басқан жүректеги байланыс сонда» деп жазады Ф.Абдирахманова: «қайшының тат басыўы көзге көринип турады, адамның ишки дүньясы – ғамы көзге көринбейди. Бул жағдай болса қосықтың образлы ҳәм тәсиршең болыўын тәмийинлейди» [1.127], – деп жазады. Ҳақыйқатында да, қосықтың образлы ҳәм тәсиршең болыўы, яғный параллель түрде салыстырыўлардың мәнилик ҳәм мазмун жағынан сәйкес келиўинде көринеди.

Жоқарыда мысалға келтирилген ҳәўжардың екинши шуўмағында да параллелизм усылындағы салыстырыўлар арқалы қыздың келинлик дәўириниң өзгеше түс алатуғынын қәйин ене менен ананың өзгешелиги бирдей болмайтуғынлығы ҳаққында пикир аңлатылады. Бул пикир «қызыл гүл» менен салыстырылып көрсетиледи. «Қызыл гүл» арқалы қыздың образын тымсаллап, образлы түрде жеткерип береди, жоқарыда айтқанымыздай «қызыл гүл» қызларға қолланылатуғын теңеў, жаслықтың, сулыўлықтың, гөззаллықтың символы, егер «Қызыл гүлге суў сепсең» солмайтуғынындай, қыз түскен жеринде әдеп-икрамлы, иззет-ҳүрметли болса, қәйин ата, қәйин енесине хызмет етсе, ғам, қайғы, кеўил солғынлығы, қапашылық болмайтуғынлығын образлы түрде, астарлап жеткерип береди. Мысалға алынған қосықлардан көринип турғанындай ҳәўжарда мазмунның уйғынлығына, уйқастың сақланыўына қатаң итибар қаратылады.

Узатылып баратырған қыздың өз үйиндеги шадлы турмысы менен өзге үйдеги (қәйин ата) турмысының қандай болатуғынлығы салыстырылып, кескин ҳәм айқын пикир айтылады. Мысалы:

Өз атаңның есиги,
Жупар есик ҳәўжар,
Кирсең шықсаң шашыңды,
Сыйпар есик ҳәўжар.

Қәйин атаңның есиги,
Шеңгел есик ҳәўжар,
Кирсең шықсаң шашыңды,
Жулар есик ҳәўжар [4.120].

Бул ҳәўжардың да баслы объекти узатылатуғын қыздың образы,бунда пикир қыздың образына қаратылып, қыздың турмыс қурған үйиниң есиги менен қәйин атаның үйиниң есиги, яғный, үйдиң босағасы параллелизм усылында контраст түрде қарама-қарсы қойылып, салыстырылып көрсетиледи. Мысалы, жупар есик – шеңгел есик, сыйпар есик – жулар есик түринде бериледи. Қосықтың мазмунында қыздың қызлық дәўири жуўмақланып, енди оған келинлик ўазыйпа, шаңарақлық жуўапкершилик жүкленетуғынлығы, себеби, қыз енди келиншек болып, өзге үйде сынапминелетуғынлығы ескертилип турғандай көринеди. Екиншиден, қосықтың екинши шуўмағында феодаллық дәўирдеги ҳаял-

қызларға болған көзқарастын элементлери де сәулеленип турғанлығы аңланады. Сондай-ақ, усы еки шуўмақтың және бир варианты оннан өзгеше тәризде былай айтылады.

Қәйин атаңның есиги,
Тилла есик хәўжар,
Шайқап отыр төринде,
Алтын бесик хәўжар [2.99].

Халықта «Келин кирген үйге нур киреди» деген халық нақылы бар. Себеби, келин үйге бахыт, пайыз алып келеди. Халық «Келин келсе аяғы менен, шопан келсе таяғы менен» деп бийкарға айтпаған. Келин жаңа шаңараққа шадлық, қуўаныш, бахыт алып келеди, ол енди туўылатуғын перзентлердиң анасы, үйдиң даўамшысы, балаларды дүньяға келтиретуғын ана. Сонлықтан, хәўжар қосықларында күйеў, жеңгелер тәрепинен қудаларға қарата хәзил түринде айтылған үлгилер көп ушыраған менен, келиншекке қарата хәзил яки орынсыз сөзлерден ибарат қатарлар айтылмайды. Усының өзи-ақ халқымыздың қызларға, келинлерге қаншелли дәрежеде нәзик, әдепли қатнаста болғанлығын көрсетеди [1.123]. Бизиңше, жоқарыдағы хәўжар қосығының екинши шуўмағы соңғы дәўирлерде дөретилген болыўы керек.

Хәўжар қосықларының баслы өзгешелиги, көбинесе хәр бир шуўмағының салыстырыў, параллелизм усылында көркем сүўретлеў қуралларынан ибарат болып келиўи хәм усы көркем сүўретлеў қуралы арқалы айтылып атырған пикирдиң мәнис-мазмунының ашып берилиўи болып табылады. Профессор Ш.Турдимов халық қосықларын изертлей отырып, онда қолланылатуғын сөздиң қүдирети хәм өзгешелиги бойынша төмендегише пикирлерин билдирген еди: «Хәр бир сес, сөздиң өз хаўазы бар. Сөздиң күши хаўазда, онда айтылып атырған мәнис-мазмунда. Хаўаз хәм мәни уйғынласып, тийкарғы формасын тапса, бул сөз қүдирети әмелге киреди, шексиз күш пайда етеди. Алғыс дуўалардың, кәлеў хәм жалбарыныўлардың, қарғыс сыйқырының сыры сол ноқатта көринеди. Халық қосықлары мәзи кеўил хошлығы емес. Қосықта хаўаз хәм мәнис бир-бирине ет пенен тырнақтай бирлесип келеди. Қосықтың эпиўайы формасы адамды шалғытыўы мүмкин, шалғыў «әпиўайы»ны жөн аңлаўдан туўылады… Ғәзийнениң гилти – сыйқырлы сөзди билиўде. Бул сөз мазмунды аңлап, хаўазды таўып айтыўда [5.3], – деп жазды. Ҳақыйқатында, хәўжар қосықларында объектке алынған образды ашып бериў ушын орынлы сөздиң таңланыўы, хаўаздың уйғынлығы, тийкарғы мәнистиң берилиўи, мазмунның ашылыўы, уйқастың сақланыўы шәрт болып келеди.

Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ дәстүр қосықлары хәўжарда көплеп дәстүрий образлар менен бирге, тийкарғы жетекши образ қыз, келин образлары көплеп ушырайды. Олар хәр қыйлы тәбияттағы жанлы, жансыз затлар менен тымсаллап, образлы түрде сүўретленеди. Усы образлардың поэтикалық түрде жасалыўын илимий жақтан үйрениў әхмийетли саналады.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Абдирахманова Ф. Ёр-ёр маросим қўшиқларининг жанрий хусусиятлари ва бадиияти. Филология фанл. бўйича фалсафа доктори (PhD) диссертацияси. – Тошкент, – 122 б.
2. Баўатдинова С. Қарақалпақ халық қосықлары. – Нөкис: Qaraqalpaqstan, 2019.
3. Эшонкулов Ж. Ўзбек фольклорида туш ва унинг бадиий талқини. – Тошкент: Фан, 2011.
4. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. V том. Қарақалпақ халық қосықлары хәм салт жырлары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1980.
5. Турдимов Ш. Халқ қўшиқларида рамз. – Тошкент: Фан, 2020.


**Ҳаўжар (ёр-ёр) қўшиқларида образларнинг яралиши**


**Палымбетов К.С.**

*Ўзбекистон Республикаси Фанлар академияси Қорақалпоғистон бўлими Қорақалпоқ гуманитар фанлар илмий-тадқиқот институти, Нукус*



Мақолада қорақалпоқ халқ маросим қўшиқлари бўлган ҳаўжар (ёр-ёр) ҳақида фикр юритилади. Муаллиф асосан қиз узатиш тўйида айтиладиган ҳаужар қўшиқларидаги қиз образининг яралишини таҳлил қилади. Унда лирик қаҳрамон образи тўғри маънода, шунингдек, образли тарзда ҳар хил услубда бериладиганлиги илмий жиҳатдан исботлаб берилади. Узатиш тўйининг асосий сабабчиси қиз, у ўтказилаётган тўйнинг, унда куйланаётган қўшиқнинг объекти ҳисобланиб, қўшиқдаги барча поэтик мисралар қизга, қизнинг образини ифодалашга қаратилганлиги исботланади. Ҳаўжар қўшиғида қизнинг образи тимсоллар, рамзлар билан образли тарзда поэтик услубда яралиши илмий жиҳатдан ўрганилган.


**Создание образов в песне хаужар**


**Палымбетов К.С.**

*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан, Нукус*



В статье рассматривается одна из традиционных каракалпакских народных песен хаужар. Автор анализирует создание образа девушки в песнях-хаужарах, которые поют во время свадебного застолья каракалпаков, это одна из традиционных фольклорных традиций семейной свадьбы. Научно доказано, что созданный в нем образ лирического героя представлен в прямом и переносном смысле всеми возможными способами. Главным объектом свадебного обряда считается девушка и исполняемые ею песни, это доказывает, что все поэтические строки в песне направлены на девушку и ее об-